

Bible lessons. **Lesson 21. MONEY MATTERS. ABRAHAM A GOOD EXAMPLE IN GIVING**

**Genesis 14:17-24**

Memory verse: **“But lay up for yourselves treasures in heaven, where neither moth nor rust consume, and where thieves don’t break through and steal.” Matt. 6:20**

## **ABURAMU, AKARORERO MUGUTANGA ICACUMI**

**ICIRWA CA 31**

**Itang. 14:17-24**

Ijambo ngenderwako : « *ariko mwirundanirize ubutunzi mw’ijuru, aho inyenzi n’ingese bitabumara , hatariyo n’ibisuma vyimba ngo vyimbe* » **Mat. 6:20.**

### **I. Intangamarara**

Si kenshi uzokunda kumva inyigisho ivuga ugutanga ico woba utunze mu rusengeru, abenshi barigisha inyigisho z’agakiza gusa kandi ni vyiza. Turizera ko uwakijijwe koko aca yisanga agomba gutangira Imana muvuyo atunze kuko Mpwemu w’Imana aba abimwigisha. Hamwe nivyo ni vyiza kiga ingene batanga mw’ishengeru nivyemererwa gutanga. Tugiye kwiga uko Aburamu yahaye icacumi umuherezi Melekisedeki bitubere akarorero.

### **II. Inkuru ya Aburamu na Melekisedeki**

Twarize ingene Loti yahisemwo ikiyaya c’abanyavyaha ci Sodomu akarinda yegera koko akiberayo, habaye abami 4 baratera barabanesha na Loti arafatwa mpiri baramutwarana n’abagore, abana n’ivyo atunze vyose. Aburamu araheza aza kumubohozza kandi arabishikakao.

Atabarutse, Melkisedeki umuherezi w’Imana nzima aza kumusanganira no kumuhezagira ; Aburamu nawe aca amuha icacumi.

### **III. Melkisedeki ni nde?**

Uyu Melkisedeki ibitabo bisobanura bibiliya bimwerekana nka Kristo yari yihinduye umuntu ubwa mbere. Iri zina Melkisedeki ntiriyari izina ryiwe koko, ni iryo baciye bamuha aho nyene risigura **Umwami w’ubugorotsi. Abah. 7 :4** yava i Salemu. Salemu ni iki gisagara Yerusalemu c’uyu musi. Riva mw’ijambo ry’igiheburayo « Shalom » = Amahoro. Yari umwami w’amahoro. Niho abenshi bemeza ko ari Kristo.

#### IV. Aburamu yataze iki

Kuva Imana yiyereka Aburamu ntaho tubona yamwigishije gutanga icacumi kugera aho yari akwije imyaka 60. None aburamu yatanze iki :

1. **Umutima wiwe** : kubera umunezero w'intsinzi yarabonye Uhoraho amuhaye imbere y'abansi biwe, bigatuma agarukana umuhungwabo, yarambitse umutima wiwe imbere y'Uhoraho.
2. **Ubutunzi bwiwe** : kubwo umutima ushima wa Aburamu, yaraharura muvuyo yaronse vyose yagera kucicenda, ikigira icumi agashira k'uruhande, aba arivyo ashikanira umuherezi w'Imana isumba vyose.

Aburamu sekuruza w'abizera bose, aratanga icacumi, ndetse biba iragi kubamukomotseko bose bizeye. Yakobo nawe asezeranira Uhoraho icacumi aramutse amutabaye amagorwa yarimwo. **Itang.28 :20-22** aha yari atewe ubwoba n'ibibazo ariko aracamwo, yemerera Uhoraho icacumi kugira ayereke ko umutima wiwe utari k'ubutunzi afise ariko uri ku Mana yiwe. kandi Imana yarabikoze uko nyene. Imana idukorera vyose k'ubuntu, ariko ibonye akigoro kawe mukwemera kuyitangira ivyawe, iragukorera ico wipfuzwa.

#### V. Isezerano rya kera ryigisha iki ku cacumi.

icacumu cari icera ku Mana. Hari ubwoko 3 bw'ivyacumi :

1. Icacumi co gushitsa amasezerano : **Abalew. 27 :30,32** vyahabwa abaherezi. Igihe cose umuntu yaba yasenze akabona nta nyishu, yarasezerana ico azotanga, Imana yabikora, agatanga icacumi.
2. Icacumi c'amashimwe. **Gus.12 :10-12** : ibi vyatangwa igihe cose baba bariko babona ibikorwa bitangaje Uhoraho ariko akorera imiryango yabo, babaye bari babisengeye canke batari banabisengeye. Igitanganza gikozwe n'Uhoraho.
3. Icacumi c'ivyeze mu ndimiro. **Gus.26 :12** Imana isaba umuntu wese yejeje mu ndimiro yiwe gutanga icacumi c'ivyo vyose yejeje.

#### VI. Ibindi vyo gutanga :

1. **Umushuzo** :Ivyeze ubwambere : **Guhar. 18 :12**. Imana yasaba ko uwo wese yarimye, yategerezwa kuzana mu ngoro y'Uhoraho biki mu vyeze ubwambere ataranabiryako. Aho kwari kugira ngo ayiheshe icubahiro mukerekana ko yemera ko vyukuri ari Imana imuhaye umwimbu.  
**Imig.3 :9**
2. **Ishikanwa ry'urukundo**: **Kuv. 25:1-2** : k'umuntu wese yumva akunze Imana n'ibikorwa vyayo, yaratanga iri shikanwa, akaritanga n'umutima ubikunze.

## **VII. Isezera risha rivuga iki kuvyo gutanga.**

**1.**Ivyatangwa vyose mw'isezerano rya kera ryaba ari itegeko ku bisirayeri bose.

Mwisezerano risha ijambo ry'Imana risaba gutangana umutima umunezero . **2**

**Kor. 9:6-7.** Kuko Imana idukunda, irasaba ko uwuyishikanira wese wese abikora anezerewe mu mutima ntavuge ngo raba iri shengero ririko rirampomvya ibintu vyanje, notumba ndarivamwo. Bikore unezerewe kuko nawe ivyo yagukoreye ni vyinshi.

**2.**Uri umukristo koko yemera ko Yesu yamurokoye, arategura ishikanwa canke ivyacyi azotanga kumusi uteguwe. **1 Kor. 16:1-2.** Paulo asaba ko ubitegura kuva iyanga rigitangura ukabibika ahantu. Ibi, kuko hari abibuka icacumi canke ishikanwa aruko umwanya wo kubitanga utangajwe mw'ishengero. Ubiteguye, ni naho Kristo abona ko ubifiseko umutima.

Ko Imana yashinze isezerano rya kera ari nayo yashizeho iri risha, ivyo yasaba kera uwobikora yoba abaye umuhizi. Ivuga ngo « Nimubingeragereshe murabe ko ntabacucuburira umugisha » **Malak. 3:1-11**

## **VIII. Ni bande batanga ?**

**Kuv.23 :15c.** « Ntihaze hagire urenguka iminwe misa imbere yanje. »aha uwariwe wese asabwa kuza imbere y'Imana ari nico yitwaje. Amafaranga, ivyimburwa, ivyambarwa... ibi ni ku mukene n'umutunzi. **2Kor.8 :1-3.** Umuntu wese muco akora n'atangire Imana.

## **Gushira mu ngiro.**

**Ivyah. 8:3** Yohana yerekwa imibavu (ivyatanzwe) n'amasengesho biduga gushika imbere y'Imana. Ni vyiza kuba umuntu akijijwe cane, ariko ivyo bikwiye guherekezwa nivyoye utanga nkuko ijambo ry'Imana rivuga ukwizera kutagira ibikorwa kuba gupfuye. **Yak. 2:17.**

Ikindi ni uko aho umwe wese azorenguka imbere y'Imana azoherekezwa n'ibikorwa yakoze. Ababitahuye bariko bubakisha izahabu n'amabuye y'agaciro. Ababifata ukundi nabo bariko bubakisha ivyatsi n'ibishakashaka. Ni umubabaro. **1 Kor. 3:12-15.** Uwo rero azokira ariko nk'uwokowe mu muriro. Muhore mwibuka kubika ubutunzi bwanyu mw'ijuru nkuko na Aburamu sekuru w'abizera yatubereye akarorero.